**ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ ЖУРНАЛИСТИКА БАҒДАРЫНЫҢ 2-КУРС СТУДЕНТИ МАТЕКОВ ИСЛАМНЫҢ**

**РАДИО ЕСИТТИРИЎ ӘМЕЛИЯТЫ ПӘНИНЕН**

# РЕФЕРАТ

**ЖУМЫСЫ**

**ТЕМАСЫ: «ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕР**

**ОРЫНЛАҒАН: МАТЕКОВ И.**

**ҚАБЫЛЛАҒАН: ҚОЖЫҚБАЕВА З.**

**НӨКИС-2014**

**«ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕР**

**ЖОБАСЫ:**

КИРИСИЎ

А) «ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕРДИҢ БЕРИЛИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Б) «ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕРДИ ТАЯЛАЎДА ЭКСПЕРТЛИЛИК КӨЗ ҚАРАСЛАР

ЖУЎМАҚЛАЎ

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ

# КИРИСИЎ

Адамзат турмысында информация үлкен әҳмийетке ийе. «Информация» латынша - «informare» - хабарландырыў, бир нәрсе ҳаққында түсиник бериў деген мәнисти билдиреди.

Лекин, информацияның тийкарғы мазмуны бул түсиниктен кеңирек болып, улыўма тиришилик, өмир маңызы менен байланысып кетеди.

Философиялық мәниде айтқанда, информация – затлардың жасаў қәбилетлерининң тийкары болып, затлар арасындағы өз ара байланыс, бир-бири менен қатнас ҳәм бир-бирине тәсир етиў мүмкиншилиги болып табылады.

Инсан ушын информация үлкен әҳмийетке ийе. Информация инсанның дүньяны билиўи, бай тәжирийбеге ийе болыўындағы тийкарғы қуралы.

Кибернетика илиминиң тийкарын салған, белгили алым Норберт Винер бул ҳаққында «Инсан өзин қоршаған дүньяны өз сезиў органлары арқалы қабыл етип алады. Информация – инсанның сыртқы дүньяға қәлиплесиў қубылысында оннан алған мазмунның көриниси. Ҳақыйқый өмир – ҳақыйқый информация алыў менен байланыслы» - деп айтқан еди. Инсан қабыл етип алатуғын информациялардың түрлери де бизди қоршап турған орталық сыяқлы түрлише. Адам баласы әпиўайы күнделикли турмыс информациясынан тысқары белгили системаға салынған информациялар арқалы ҳәрекет етеди. Олар тәлим-тәрбиялық информация, кәсиплик информация, илимий информация, диний информация ҳ.т.б.

Жәмийетти басқарыўда өзине тән информациялар - жәмийетлик-сиясий информация, халық аралық информация, әскерий информация ҳ.т.б. түрлери қолланылады.

Бул информациялар арасында жәмийетлик информация айырықша орынды ийелейди. Жәмийетлик информация жәмийет ушын, жәмийет туўралы информация жеткериўден ибарат. Бул жәмийетлик сананың искерлигинде, жәмийетти басқарыўда ҳәм де инсанды жәмийет пенен, жәмийетти инсанлар менен байланыстырып турыўшы тийкарғы хызметти атқарады.

Жәмийетлик информация топлаў ҳәм тарқатыўдың тарийхый усыллары бар болып, бул – ғалаба хабар қураллары еле жүзеге келмеген ўақытларда хабаршы, жаршы, қыссаханлық ҳәм жазба әдебият арқалы әмелге асырылған. Адамзат раўажланыўы, цивилизацияның пайда болыўы менен жәмийетлик информация топлаў ҳәм тарқатыўдың телефон, телеграф ҳәм басқа усыллары жаратылды.

Радиожурналистикада жанр түсиниги барлықты сәўлелендириўдиң формасы мәнисин билдиреди. Бул форма журналистлик дөретпениң мәлим мақсет, бағдарын, таңланған объектиниң мазмунын, турмыслық факт, ҳәдийсе ҳәм жағдайлардың талқылаў усылы ҳәм жуўмақлары өлшеми, сондай-ақ, композициялық-стиллик қәсийетлери менен белгиленеди.

Радиожурналистикада жанрлар үш топарға бөлинеди: информациялық, аналитикалық ҳәм көркем-ҳүжжетли жанрлар.

Радиожанрлар арасында информациялық жанрлар ең үлкен топарды қурайды. Булардан хабар, интервью, репортаж айырықша әҳмийетке ийе. Информациялық жанрлар тийкарынан ўақыя, ҳәдийселер туўралы мағлыўмат бериў ўазыйпасын атқарады.

## «ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕРДИҢ БЕРИЛИЎ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Өзбекстанда дәслепки радио 1927-жылы 11-февральдан баслап Самарқанд қаласында өз жумысын баслады. Буның ушын ең алды менен жаңа технологияларды алып келиў ҳәм радиостанцияны қурыў ислери алып барылды. Салмағы 70 килограммға тең болған МАК-80 маркалы үлкен толқын узатыўшы магнитофон алып келинди. Самарқанд қаласы 1924-1930-жыллары Өзбекстанның пайтахты есапланатуғын еди. Сонлықтан да, дәслепки радио үскенелери усы қалаға орнатылды. 1927-жылдың 9-ноябринен баслап радио еситтириўлер белгили бир бағдарламалар тийкарында турақлы түрде эфирге бериле басланды. Радионың дәслепки имараты Самарқанд қаласының ҳәзирги Әмир Темур көшесинде жайласқан еди. Радиода тийкарынан республикамыздың социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысындағы жаңалықлар эфирге берилген.

«Өзбекстан» радиосының раўажланыўы басқышларын төмендегише бөлиўимизге болады:

1) Радио еситтириўлерди шөлкемлестириў дәўири (1927-1931-ж)
2) Радионың өз алдына ҳәрекет етиў дәўири (1931-1941-ж)
3) Екинши Жер жүзилик урыс дәўири (1941-1945-ж)
4) Радионың дәслепки турғынлық дәўири (1945-1970-ж)
5) Радионың кейинги турғынлық дәўири (1970-1985-ж)
6) Қайта қурыў ҳәм әшкаралық дәўири (1985-1991-ж)
7) Базар экономикасы шәраятындағы радио еситтириўлер (1991)

Көрсетип өтилген дәўирлер ишинде ең соңғы дәўиринде радио еситтириўлер сиясий, экономикалық ҳәм миллий ғәрезсизлик идеологиясы тийкарында таярланып келинбекте.

Инсан ушын информация үлкен әҳмийетке ийе. Информация инсанның дүньяны билиўи, бай тәжирийбеге ийе болыўындағы тийкарғы қуралы.

Кибернетика илиминиң тийкарын салған, белгили алым Норберт Винер бул ҳаққында «Инсан өзин қоршаған дүньяны өз сезиў органлары арқалы қабыл етип алады. Информация – инсанның сыртқы дүньяға қәлиплесиў қубылысында оннан алған мазмунның көриниси. Ҳақыйқый өмир – ҳақыйқый информация алыў менен байланыслы» - деп айтқан еди. Инсан қабыл етип алатуғын информациялардың түрлери де бизди қоршап турған орталық сыяқлы түрлише. Адам баласы әпиўайы күнделикли турмыс информациясынан тысқары белгили системаға салынған информациялар арқалы ҳәрекет етеди. Олар тәлим-тәрбиялық информация, кәсиплик информация, илимий информация, диний информация ҳ.т.б.

«Өзбекстан» радиоканалы Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясының «Өзбекстан» телерадиоканалы МУКтың қурамына киреди. Орта толқын есапланған FM 103,1 МГц жийилигинде Өзбекстанның толық барлық ең шетки регионларына шекем жетип барыў мүмкиншилигине ийе болып табылады. Радиоканалда еситтириўлердиң улыўмалық сааты ҳәр күн ушын 22 саатқа тең, яғный еситтириўлер азанғы 5:00 де басланып, түнги 3:00 ге шекем даўам етеди. Радиода еситтириўлер тийкарынан өзбек тилинде алып барылады. Сондай-ақ, рус, тәжик, қазақ ҳәм қарақалпақ тиллеринде де еситтириўлер алып барыў жолға қойылған. Тиккелей Президентимиздиң басламасы менен «Өзбекстан» телерадиоканалы 2005-жылдың август айынан баслап Интернет тармағының Онлайн режиминде дүнья жүзи бойлап эфирге узатылмақта. Бул Өзбекстан Миллий

телерадиокомпаниясының Интернеттеги рәсмий сайты есапланған www.mtrk.uz да әмелдеги көринисин тапқан.

Бүгинги күнде «Өзбекстан» телерадиоканалы МУКтың баслығы Хуршид Давронов болып, оның радио еситтириўлер бойынша орынбасары есапланған Фахриддин Якубов «Өзбекстан» радиоканалына басшылық етип келмекте. «Өзбекстан» радиоканалында ҳәзирги ўақытта улыўма 4 редакция жумыс атқарып келмекте. Булар: «Ахборот» информациялық бағдарламалар Бас редакциясы, жәмийетлик-сиясий ҳәм социаллық-экономикалық бағдарламалар Бас редакциясы, мәдений ағартыўшылық ҳәм билимлендириў бағдарламалары Бас редакциясы, ағартыўшылық, кеўил ашар ҳәм музыкалы бағдарламалар Бас редакциясы.

Бул редакциялардың ишинде ең көп тыңлаўшылар аудиториясына ийе болған ҳәм ең оператив түрде жумыс алып баратуғын редакция – бул «Ахборот» информациялық бағдарламалар Бас редакциясы есапланады.

Редакцияға ҳәзирги ўақытта бас редактор Анвар Абдувалиев басшылық етип келмекте. Редакция улыўма 4 бөлимнен ибарат болып, оларда жәми 38 хызметкер жумыс ислейди.

Биринши бөлим «Халық аралық жаңалықлар бөлими» есапланып, онда дүнья жүзи көлеминде жүзберип атырған ҳәдийселер туўралы информациялық еситтириўлер таярланады. 2013-жылы 3-май халық аралық Баспа сөз еркинлиги күнине бағышлап өткерилген журналистика тараўында сегизинши Миллий «Алтын қәлем» таңлаўында усы бөлимде бир неше жыллардан берли аянбай мийнет етип киятырған Гүльбәҳәр Давирова «Ең жақсы журналистлик материал ушын»(радио) номинациясы

бойынша 1-орынға ылайықлы деп табылды. Ол елимизде ҳәм дүньяда жүз берип атырған социаллық-сиясий, экономикалық, мәдений процесслер ҳәм оператив түрде таярланған әҳмийетли еситтириўлери бойынша бул таңлаўда бириншиликти қолға киргизди.

Екинши бөлим «Республикалық жаңалықлар бөлими» болып есапланады. Бул бөлимде республикамыз турмысында, сондай-ақ, республикамыздың ҳәр бир аймағында жүз берип атырған ўақыялар бойынша информациялық еситтириўлер таярланады.

Үшинши бөлим «Спорт аналитикалық бағдарламалар бөлими» болып, бул жерде елимиз ҳәм жәҳән спорты турмысында жүз берип атырған жаңалықлар, ўақыялар бойынша информациялық ҳәм шолыў формасындағы еситтириўлер таярланады.

Ал ең соңғы төртинши бөлим «Рус тилиндеги хабар ҳәм радио еситтириўлер бөлими» болып, онда «Ахборот» ҳәм сол сыяқлы информациялық еситтириўлер рус тилинде таярланады.

«Өзбекстан» радиоканалы өз жумысын ҳәр күни азанғы саат 5:00 де мәмлекетлик гимн менен баслайды. Соң саат 5:05 те «Ахборот» информациялық еситтириўи эфирге шығады. Бул еситтириў кейин ала саат 6:00 де, 7:00 де, 8:00 де ҳәм 10:00 де де эфирге бериледи. «Ахборот» информациялық еситтириўи оператив түрде ҳәр саатта жүз берип атырған ҳәм республикалық, ҳәм сырт ел турмысы, сондай-ақ, спорт жаңалықлары менен де таныстырып барады. Бул еситтириў арқалы радио тыңлаўшылардың күнделикли информацияға болған талабын қанаатландырыў мақсетинде еситтириў кеминде ҳәр бир ямаса еки сааттан жедел түрде таярланып эфирге узатылмақта.

Eң дәслепки эфирге узатылатуғын (саат 5:05 те) «Ахборот» информациялық еситтириўи 15 минут болып, өзбек тилинде, 6:00 де эфирге узатылатуғыны 30 минут даўам етип, өзбек тилинде, 7:00 дегиси 10 минутлық болып, рус тилинде, 8:00 дегиси 60 минутлық болып, өзбек тилинде, 10:00 де эфирге шығатуғыны 15 минутлық болып, өзбек тилинде алып барылады. Сондай-ақ, радиоканалдың кешки ўақытларында «Ахборот» информациялық еситтириўиниң тәжик ҳәм қазақ тиллериндеги еситтириўлери эфирге узатылады.

Радио каналдағы «Ахборот» еситтириўи тийкарғы информациялық еситтириў болып табылады. Бул еситтириў радиодағы ҳәр саатты билдириўден соң эфирге шығады. Көпшилик эфир ўақты 10 минуттан ибарат. Еситтириўлер әдеттегидей рәсмий хабарлардан, сиясий турмыстағы жүз берип атырған жаңалықлардан басланады.

Мәселен, 20.01.2014 күни саат 11:00 де эфирге берилген «Ахборот» еситтириўи Олий Мажлистеги «Әдалат» СДП фракциясының алдағы болып өтетуғын сайлаўларға таярлықлары, алдағы режелери туўралы сөз етилди. Фракция ағзасы Т.Абдусаттаровтың интервьюи берилди. Кейин Қаршы қаласындағы «Бәркамал әўлад» балалар орайының ислери туўралы сөз болды. Кейин «Хорижда» деген фоннан айтылған сөзден кейин Пакистандағы террористлик ҳәрекетлерди тоқтатыў мақсетинде Россия менен шәртнамаға қол қойысқаны, Женевада Араб еллериндеги турақсызлықты тоқтатыў мақсетинде конференция шақырылажақ екенлиги, Сирияға Даниядан көп муғдарда қурал-жарақлар алып келинип атырғанда усланғанлығы ҳаққында сөз етилди. Соң «Спорт хабарлари» фоны астында Ташкент қаласындағы 32-санлы спорт комплексинде паролимпия

спортшыларының жүзиў бойынша ашық чемпионаты болғанлығы, Учтепа районының билимлендириў мәкемелериниң бас қәнигеси А.Вахобов районндағы шәраятлар туўралы интервьюи берилди, Сочидеги болатуғын қысқы олимпиядаға қатнасатуғын елимиз спортшылары М.Геев, А.Воронов, К.Григориналардың таярлық ҳәм қашан жарысларға кирисиўи туўралы айтылды. Соңында ҳаўа райы жөниндеги мағлыўматлар берилди. Еситтириў улыўма 10 минут даўам етти.

31.01.2014 күни 19:00 де эфирге узатылған «Ахборот» еситтириўи Республикалық баспа сөз орайында өткен жылдың жуўмақлары ҳәм усы жылдағы орынланыўы тийис болған илажлардың бағдарламасы жөниндеги хабар берилди, елимиз автоконцернлеринен шығып атырған Чевролет автомобилиниң дүнья экспертлери тәрепинен ең қәўипсиз автомобиллери қатарына киргизилгени, соң ӨзЛиДеПтиң Сырдәрья ўәлаятлық бөлими тәрепинен «Саламат бала» жылындағы әмелге асырылыўы керек болған ислердиң бағдарламасы, алып барылған ислер туўралы бир неше партия белсендилери менен интервьюлер хабаршы С.Аллабердиева хабарында берилди. Кейин «Хорижда» деген фоннан айтылған сөзден кейин Багдаттағы террористлердиң ҳүкиметлик имаратқа топылыс жасағанлығы, Дамаскке оппозициялық күшлердиң қарсылықларына қарамастан азық-аўқат ҳәм дәри-дармақ артылған кәрўанлардың барғанлығы туўралы, Италия президенти Дж.Напалитаноның парахорлықта айыпланып атырғанлығы айтылды. Спорт хабарлары берилмеди. Ҳаўа райы мағлыўматлары берилди. Еситтириў улыўма 10 минут даўам етти.

«Ахборот»тың 30 минутлық еситтириўи өзгеше усылда таярланып, эфирге бериледи екен. 29.01.2014 күни саат 12:00 де усындай еситтириў болды. Онда ҳәр бир тараўға байланыслы, ҳәр

ўәлаяттан таярланған хабарлар өзгеше формадағы роликлерден кейин эфирге бериледи. Мысалы, шарўашылыққа байланыслы роликтен кейин хабаршы Н.Базаровтың Олот районынан шарўашылық жөниндеги, мәҳәллелер бойынша ролик астында хабаршы Ф.Ўроловтың Баявут районындағы мәҳәллелер туўралы хабары, исбилерменлик бойынша роликтен соң хабаршы Ф.Сиддиқованың Андижаннан таярланған хабары, банк ислери бойынша роликтен соң хабаршы С.Ражабованың Хорзмнен таярлаған хабары, медицина бойынша роликтен соң хабаршы И.Ғазнаевтиң Наўайыдан таярлаған хабары, өнерментшилик бойынша роликтен соң Жиззахтан хабаршы П.Холматов жас өнермент Д.Расуловтың ислери жөниндеги хабарлары өз тараўлары бойынша қәнигелер ҳәм пуқаралар менен интервьюлер арқалы эфирге берилди. Ўақыттың көпшилик бөлеги «Ахборот» еситтириўинде интервьюлерге сарпланатуғынлығын өз алдына айтып өтиў орынлы. Биз бир неше күн бақлаў нәтийжесинде усындай жуўмаққа келип отырмыз.

Сондай-ақ, радио каналда «Дунё» («Мир») информациялық еситтириўи де ҳәр дем алыс күнлери эфирге бериледи. Бул еситтириў ҳәм информациялық, ҳәм кеўил-ашар еситтириў болып табылады.

Радиода информациялардың берилиўинде информация дәреклериниң хызметлери уллы. Солай етип, биз төменде радионы информация менен тәмийинлеўши бир неше объектив ҳәм субъектив тәреплерди келтирип өтемиз. Ең тийкарғы информация менен тәмийинлеўшилер – булар радионың өз ямаса арнаўлы хабаршылары болып есапланады. Олардың материаллары биз сөз етип атырған информациялық еситтириўлерде тийкарғы орынды ийелейди. Бириншиден, радионың өз ямаса арнаўлы

хабаршыларының материаллары арнаўлы түрде қайта ислеўди талап етпейди. Себеби, олар радиоға қандай материал керек екенлигин, радионың жобасын биледи. Екиншиден, өз ямаса арнаўлы хабаршылар редакцияны жүдә зәрүрли материаллар менен тәмийинлейди. Олар ўақыя қатнасыўшыларының шаўқым ҳәм ҳаўазларын плёнкаға жазып алады. Ҳәттеки, базда еситтириўлер ушын таяр материаллар жибереди. Үшиншиден, радио хабаршылар әтирапына кең штатсыз авторларды топлайды. Екинши әҳмийетли информация дәреги мәлимлеме агентликлери болып есапланады. Сырт еллердиң мәлимлеме агентликлериниң материаллары да радиода пайдаланылады. Үшинши информация дәреги – бул газеталар болып табылады. Газета материалын радиода пайдаланғанда радио өз стилин сақлап қала алыўы керек болады. Және бир информация дәреги – бул радио толқынларын тутып қалыў болып есапланады. Мәселен, радиода көпшилик информациялар «... радио станциясының берген мағлыўматларына қарағанда» формасында бериледи.

«Өзбекстан» радиоканалының «Ахборот» информациялық еситтириўлер Бас редакциясының «Республикалық жаңалықлар бөлими» ҳәм «Рус тилиндеги хабар ҳәм радио еситтириўлер бөлими» нде тийкарынан өз ҳәм арнаўлы хабаршыларының топлаған материаллары тийкарында информацияларды таярлайды. Радиоканалдың барлық ўәлаятлар, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Ташкент қаласы бойынша арнаўлы хабаршылары бул ислерде белсендилик көрсетпекте. Сондай-ақ, «Ахборот» информациялық еситтириўлер Бас редакциясының «Халық аралық жаңалықлар бөлими» ҳәм «Спорт аналитикалық бағдарламалар бөлими»ниң материаллары тийкарынан мәлимлеме агентликлери ҳәм Интернет глобаллық тармағының хызметлери тийкарында таярланады.

# «ӨЗБЕКСТАН» РАДИОКАНАЛЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ ЕСИТТИРИЎЛЕРДИ ТАЯЛАЎДА ЭКСПЕРТЛИЛИК КӨЗ ҚАРАСЛАР

Бүгинги күнде «Өзбекстан» радиоканалында информациялық еситтириўлердиң сапасын еле де арттырыў ҳәм белгили стандарт тийкарында таярлаў мақсетинде экспертлер қурамы енгизилген. Олар төмендеги қәнигелерден ибарат:

**Төлегенов Шарафиддин Бакирович.** 1964-жылы туўылған. 1989-жылы Низамий атындағы Ташкент Мәмлекетлик Педагогикалық институтының (ҳәзирги университетиниң) тарийх факультетин питкерген.

1991-жылдан баслап респуликалық басылымларда әҳмийетли темалардағы мақалалары менен қатнасып келген.

Дәслепки Миллий «Алтын қәлем» таңлаўының лауреаты болған.

1995-жылдан баслап Өзбекстан Миллий Телерадиокомпаниясының қурамында жумыс ислеп келмекте. «Өзбекстан» радиоканалында редактор, сиясий шолыўшы, Бас редактор орынбасары, Бас редактор лаўазымларында ислеген.

Ҳәзирги ўақытта «Өзбекстан» телерадиоканалы МУКтың «Ахборот» информациялық еситтириўлер редакциясының «Халық аралық турмыс» бөлиминиң баслығы болып ислеп келмекте.

**Полатов Азимжон Махаматжонович.** 1957-жылдың 29-июнында Ташкент ўәлаятында туўылған.

1974-1982-жыллыр аралығында Ташкент Мәмлекетлик Университетиниң (ҳәзирги Мырза Улығбек атындағы Өзбекстан

Миллий Университети) журналистика факультетинде оқыған. 1980-жылдың март айынан баслап Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясының қурамында ислеп кепмекте.

Үшинши Миллий «Алтын қәлем» таңлаўының лауреаты есапланады.

Ҳәзирги ўақытта Өзбекстан Миллий телерадиокомпаниясы «Өзбекстан» телерадиоканалы МУКтың «Ахборот» информациялық еситтириўлер редакциясы Бас редакторының орынбасары болып ислеп келмекте.

**Орипов Шухрат.** 1981-жылы Ферғана ўәлаятының Үшкөпир районында туўылған.

Мырза Улығбек атындағы Өзбекстан Миллий Университетиниң журналистика факультетинде оқыған. Өзбекстан Республикасы Президенти жанындағы Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик қурылыс академиясының Мәмлекетлер аралық қатнасықлар ҳәм сыртқы экономикалық байланыслар факультетинде де оқыған.

Ҳәзирги ўақытта «Сиясат» информациялық-аналитикалық орайы мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкеминиң директоры лаўазымында ислемекте.

Сондай-ақ, Низамий атындағы Ташкент Мәмлекетлик Педагогикалық университетинде «Өзбекстанда мәмлекеттиң жаслар сиясаты турақлы жәмийетлик раўажланыўды тәмийинлеўши фактор сыпатында» деген темада социялогиялық бағдарда докторлық диссртациясы бойынша илимий бақлаў алып бармақта. 2012-жылы «Жаслар сиясаты – турақлы раўажланыўдың кепили» атамасындағы илимий қолланбасы басып шығарылды.

Исбилерменлер ҳәреки – Өзбекстан Либерал-демократиялық партиясы Сиясий кеңесиниң ағзасы болып есапланады.

«Шухрат» медалы менен сыйлықланған.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Жуўмақластырып айтатуғын болсақ, бүгинги дүнья, бүгинги заман информациялар менен азықланатуғын инсанлар заманы болып отыр. Сонлықтан да, ғалаба хабар қуралларының ишинде ең оперативлиликке ийе есапланған радиода да информациялық еситтириўлер ең тийкарғы орынларды бәнт етип киятырғанлығы ҳақыйқат.

«Ахборот» информациялық бағдарламалар Бас редакциясына ҳәзирги ўақытта бас редактор Анвар Абдувалиев басшылық етип келмекте. Редакция улыўма 4 бөлимнен ибарат болып, оларда жәми 38 хызметкер жумыс ислейди.

«Өзбекстан» радиоканалының «Ахборот» информациялық еситтириўлер Бас редакциясының «Республикалық жаңалықлар бөлими» ҳәм «Рус тилиндеги хабар ҳәм радио еситтириўлер бөлими» нде тийкарынан өз ҳәм арнаўлы хабаршыларының топлаған материаллары тийкарында информацияларды таярлайды. Радиоканалдың барлық ўәлаятлар, Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Ташкент қаласы бойынша арнаўлы хабаршылары бул ислерде белсендилик көрсетпекте. Сондай-ақ, «Ахборот» информациялық еситтириўлер Бас редакциясының «Халық аралық жаңалықлар бөлими» ҳәм «Спорт аналитикалық бағдарламалар бөлими»ниң материаллары тийкарынан мәлимлеме агентликлери ҳәм Интернет глобаллық тармағының хызметлери тийкарында таярланады.

Биз усы реферат жумысымызда елимиздеги тарийхы ҳәм тәжирийбеси бойынша ең дәслепки шөлкемлестирилген радио есапланатуғын «Өзбекстан» радиоканалындағы информациялық еситтириўлердиң бериллиў өзгешеликлери жөнинде сөз еттик. Сондай-ақ, бул жумыста радиодағы информацияның әҳмийети, информацияны алыў, тарқатыў дәреклери ҳәм де ең тийкарғысы радиода информациялық еситтириўлерди таярлаўда «Өзбекстан» телерадиоканалындағы экспертлер топары ҳәм олардың дөретиўшилик мийнетлери жөнинде де азлы-кем мағлыўматларды бериўге урындық.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


**КАРИМОВ И.А. «ЎЗБЕКИСТОН БУЮК КЕЛАЖАК САРИ»** ТОШКЕНТ, «ЎЗБЕКИСТОН», 1998.

**КАРИМОВ И.А. «ЮКСАК МАЪНАВИЯТ – ЕНГИЛМАС КУЧ»** ТОШКЕНТ, «МАЪНАВИЯТ», 2008.

**УСНАТДИНОВ Ш. «ЖУРНАЛИСТИКАҒА КИРИСИЎ»** НӨКИС, «ҚАРАҚАЛПАҚСТАН», 2008.

**ЖУМАМУРАТОВА М., ОРАЗЫМБЕТОВА З. «АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ҚӘЎИПСИЗЛИК»** ТАШКЕНТ, 2009.

**ПАЛЎАНОВ Б.П. «РАДИО ЖУРНАЛИСТИКА ТИЙКАРЛАРЫ» КУРСЫ БОЙЫНША ЛЕКЦИЯ ТЕКСТЛЕРИ,** НӨКИС, 2007.

**WWW.ZIYONET.UZ** интернет сайты

**WWW.ZIYO.UZ** интернет сайты

**WWW.UZ-STUDENT.UZ** интернет сайты

**WWW.MTRK.UZ** интернет сайты

**WWW.SHARH.UZ** интернет сайты

**WWW.UZA.UZ** интернет сайты

**WWW.GOV.UZ** интернет сайты